

Kijan Pou Aplike pou Asirans Sante

NOU KA EDE REPONN KESYONS W YO

Rele nou nan **617-665-1100** oswa vin wè n an pèsòn.

Biwo nou yo ouvri Lendi – Vandredi. Pou w konnen lè ak lokal nou yo, vizite www.challiance.org/insurance. Konseye finansye nou yo pale plizyè lang e yo prè pou ede w konprann asirans sante w la.

KI CHWA ASIRANS SANTE M GENYEN?

Opsyon yo diferan pou chak grenn moun. They are based on things like income, age and residency status.

Opsyon asirans yo gen ladan yo:

Plan asirans sante prive

Kèk moun jwenn asirans sante sa a pa mwayen travay yo.

Pwogram sante Gouvènman an finanse

- ‘Mass Health’ (Sante Popilè) (Medicaid) se yon pwogram ki founi asirans sante konpreyansif oswa ki ede peye pou asirans sante prive.
- Medikè (Medicare) se yon pwogram federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, oubyen moun ki gen mwens ke 65 lane ki gen kèk andikak.
- ‘Health Safety Net’ se yon pwogram leta ki ede moun ki pa kalifye pou lòt pwogram yo.
- ‘Qualified Health Plans’ se yon pwogram leta ki ofri fon adisyonèl pou Atik Swen Bon Mache federal la.

KISA MWEN BEZWEN POU M APLIKE?

Tout pwogram yo mande pou w montre yo prè revni anyèl tout fanmi an avan taks. Prè sa a kapab se nan:

- Sous chèk
- Papyè sekirite sosyal ki montre konbyen kòb yo peye w
- Lèt travay ou
- Dènye papyè deklarasyon sou revni w (si w ap travay ak tèt ou)
- Lèt ki montre w ap touche pandan w nan chomaj
- Èd/sipò pou timoun

Nenpòt moun ka aplike pou pwogram sa yo kèlkeswa nasyonalite l oswa estati imigrasyon l. Men, kalifikasyon pou sèten pwogram mande prè nasyonalite moun nan oswa estati imigrasyon l, tankou:

- Paspò Ameriken
- Kat Didantite Massachusetts ak batistè
- Sètifika Natiralizasyon
- Kat rezidans pèmanan legal

PWOGAM ÈD FINANSYE YO NAN MASSACHUSETTS

Massachusetts gen plizyè pwogram bon mache ki ka peye pou swen sante pou ou ak fanmi w. Anpil nan pwogram sa yo ka kouvri frè pou:

- Vizit kay Doktè
- Sèvis Lopital
- Preskripsyon Medikaman
- Sante Mantal, Alkòl, ak Tretman pou Moun ki Dwoje
- Swen dijans

OU BEZWEN YON DOKTÈ?

Rele nan **617-665-1305** oubyen vizite www.challiance.org/beapatient pou w jwenn yon nouvo doktè nan CHA.

DOKIMAN NESESÈ POU APLIKE POU 'MASS HEALTH', 'QUALIFIED HEALTH PLANS' OSWA 'HEALTH SAFETY NET'

I. Prèw ki montre s se Sitwayen Ameriken Si w se yon sitwayen ou dwe bay sa nou pral site la yo:

a. Nivo 1:

1. Paspò ameriken, oswa
2. Sètifika Natiralizasyon (fòm DHS N-550 oswa N-570), oswa
3. Sètifika Sitwayènte amerikèn (fòm DHS N-560 oswa N-561)

b. Nivo 2:

Si w pa ka jwenn prèw ki soti nan nivo 1.

Ou dwe montre prèw idantite w ansanm ak prèw sitwayènte w:

1. Batistè ameriken ou te genyen anvan w te gen 5 an, nan youn nan 50 Eta Etazini yo oswa nan tèritwa ameriken yo oswa posesyon andeyò peyi Etazini (avèk dat ki apopriye)
2. Deklarasyon nesans yon Sitwayen ameriken ki fèt nan peyi etranje ki pa Etazini (fòm DS-1350, FS-240 oswa FS-545)
3. Kat Idantite Sitwayènte amerikèn (Fòm INS I-197 oswa I-179) Yo dwe bay sa a ansanm ak prèw sitwayènte ki nan Nivo 2.
 - Lisans pou kondi kounye a nan eta (state ou a) w la ki gen foto w
 - Kat Idantite eta (state ou a) w la ki gen foto w
 - Sètifika San Endyen oswa lòt Endye Ameriken Etazini oswa dokiman ki montre w sot nan tribi Natif Natal Alsaka ki gen foto w
 - Kat Idantite lekòl ki gen foto w
 - Kat militè ameriken oswa dosye ki montre yo rekrute w nan militè
 - Kat Idantite ki gen foto gouvènman federal, eta (state) oswa lokal ba ou
 - Kat Idantite pou moun ki depann de paran yo ki militè
 - Kat Maren Komèsan Gad Kòt Amerikèn (US Coast Guard Merchant Mariner)

Pou timoun ki pa kò gen 16 an, ou ka bay Batistè yo ak yon Deklarasyon Alekri e ki baze sou Sèman yon paran oswa yon moun ki responsab li siyen

Si w pa yon sitwayen Ameriken, ou bezwen bay prèw sityasyon migratwa legal ou, tankou yon kat rezidans pèmanan oswa kat TPS, si genyen.

II. Prèw sou Revni

a. Kòb ou fè ki pa sot nan travay ou

Youn nan sa ki vin apre yo ki montre kòb ou fè anvan yo retire taks ak frè pou chak sous revni:

- 2 souch chèk resan kòb chomaj oubyen yon lèt ki di yo te apwouve asirans ou
- Deklarasyon ki sot nan konpayi k ap peye a oswa ki bay benefis la
- Fòm 1040 ki pi resan an [taks sou revni (income tax)] ak tout sa ki vin avè l

b. Kòb ou fè nan travay

Ou dwe montre kòb ou fè anvan yo retire taks ak frè ak LÈ w travay pou chak peryòd peman:

- 2 souch chèk ki resan
- Taks ki pi resan yo si w ap travay ak tèt ou oswa si w fè kòb nan kay ou lwe moun
- Lèt mèt travay la ba ou, si l peye w kach

III. Prèw Idante

- Dokiman Idantifikasyon Masachisèt oswa Pèmidkondui (Lisans)
- Fakti sèvis piblik nan non w (mwens ke 60 jou)
- Kontra lwaye nan non w
- Fakti ak adrès e yon Deklarasyon sou Sèman Notarye ki konfime sityasyon w

LÒT RESOUS POU KOMINOTE A

MassHealth
1-888-665-9993

Health Connector
1-877-623-6765 (1-877-MA-ENROLL)

Health Safety Net Office
1-877-910-2100

Insurance Partnership
1-800-399-8285

Children's Medical Security Plan
1-800-909-2677

Child Care
1-800-345-0131

Food Stamps
1-800-249-2007

Prescription Advantage
1-800-AGE-INFO

Liy Telefòm pou Kliyan rele pou Èd nan Health Care for All
1-800-272-4232